**Rangarira zvino Musiki wako pamazuva oujaya hwako, mazuva akaipa asati asvika, namakore asati avapo; panguva yauchazoti handifariri izvozvo;**

MUPARIDZI 12:1



...nokuti kufunga kwomwoyo womunhu kwakaipa kubva pauduku hwake.... Genesi 8:21

Kana vakamuteerera nokumushumira, Vachapedzisa mazuva avo vachifara, Namakore avo vari pane zvinofadza. Asi kana vakaramba kuteerera, vachapera nomunondo, uye vachafa vasina zivo. Asi vasingadi Mwari pamoyo vanozviunganidzira kutsamwa; Havaridzi mhere kuti vabatsirwe kana achivasunga. Vanofa vachiri vaduku, Hupenyu hwavo huri pakati pavasina kuchena. Jobho 36:11-14

Nekuti imi, Ishe Jehovha, muri tariro yangu; Ndimi wandinovimba naye kubva pauduku hwangu. Ndakatsigirwa nemwi kubva pachizvaro; Ndimi makandibudisa mudumbu ramai vangu; kurumbidzwa kwangu kunobva kwamuri nguva dzose. Pisarema 71:5-6

Ndichaenda nesimba raIshe Jehovha; Ndichaparidza kururama kwenyu, iko kwenyu koga. Mwari, makandidzidzisa kubva pauduku hwangu; Kusvikira zvino ndadudzira mabasa enyu anoshamisa. Haiwa, kusvikira ndakwegura ndachena vhudzi, Mwari regai kundisiya; kusvikira ndaratidza simba renyu kurudzi urwu, nesimba renyu kune umwe neumwe unozouya. Pisarema 71:16-18

Jaya ringaramba richinatsa nzira yaro neiko?
nokuzvichenjerera sezvinoreva shoko renyu.
Mapisarema 119:9

Fara hako, iwe jaya, pauduku hwako; moyo wako ngaukufadze pamazuva oujaya hwako, famba nenzira dzomoyo wako, napakuona kwameso ako; asi uzive kuti pamusoro paizvozvo zvose Mwari uchakuisa pakutongwa. Naizvozvo bvisa zvinonetsa pamoyo pako, ubvise zvakaipa panyama yako, nekuti uduku nehuduku hazvina maturo. Muparidzi 11:9-10

Hauna kuziva here? Hauna kunzwa here, kuti Mwari asingaperi, Jehovha, Musiki wamativi ose enyika, haaziyi, haaneti? kunzwisisa kwake hakunganzverwi. Vanoziya anovapa simba; uye anowedzera simba kune vasina simba. Kunyange navakomana vachaziya nokuneta, namajaya achawira pasi chose; asi vanomirira Jehovha vachawana simba idzva; vachabhururuka namapapiro samakondo; vachamhanya, vasinganeti; vachafamba vasingaziyi. Isaya 40:28-31

Zvino kwakauyiswa kwaari vana vaduku, kuti aise maoko pamusoro pavo, anyengetere; asi vadzidzi vakavatsiura. Asi Jesu wakati: Tenderai vana vaduku, musavadzivisa kuuya kwandiri, nekuti ushe hwekumatenga ndehwevakadai. Akaisa maoko pamusoro pavo, akabvapo. Zvino tarira, kwakaswedera umwe akati kwaari: Mudzidzisi wakanaka, ndingaita chinhu chakanaka chipi kuti ndive neupenyu husingaperi? Akati kwaari: Unondiidzirei wakanaka? Hakuna wakanaka, kunze kweumwe, iye Mwari; asi kana uchida kupinda muupenyu, chengeta mirairo. Akati kwaari: Ipi? Jesu akati: Usauraya, usapomba, usaba, usapupura nhema, kudza baba vako namai vako, uye, ude wekwako sezvaunozvida iwe. Jaya rikati kwaari: Izvi zvose ndakazvichengeta kubva pauduku hwangu; ndichiri kushaiwei? Jesu akati kwariri: Kana uchida kuva wakaperera, enda utengese zvaunazvo, upe varombo, uye uchava nefuma kudenga; ugouya unditevere. Asi jaya rakati ranzwa shoko iro, rikaenda richishungurudzika; nekuti rakange rine nhumbi zhinji. Mateu 19:13-22

Vana, teererai vabereki venyu muna Ishe; nekuti ndizvo zvakanaka. Kudza baba vako namai vako; Ndiwo murairo wekutanga une chipikirwa, kuti zvikunakire, urarame nguva refu panyika. VaEfeso 6:1-3

Ngakurege kuva nomunhu unozvidza uduku hwako; asi uve muenzaniso wevanotenda, pashoko, pamufambiro, parudo, paMweya, parutendo, nepautsvene. 1 Timotio 4:12

Tiza kuchiva kwouduku, asi uteverere kururama, nokutenda, norudo, norugare, pamwe chete navanodana kuna She zvichibva pamoyo wakachena. 2 Timotio 2:22

Uchenjeri hunobva kuno rumwe rutivi huchienda kuno rumwe rutivi, uye hunoronga zvinhu zvose zvakanaka. Ndaimuda, ndikamutsvaka kubva pauduku hwangu, ndakada kumuita mukadzi wangu, ndaimuda kunaka kwake. Uchenjeri hwaSoromoni 8:1-2

Mwanakomana wangu, unganidza kurairirwa kubva pauduku hwako, ipapo uchawana uchenjeri kusvikira pakukwegura kwako. Muparidzi 6:18

Rovedza mwana wako, uchakutyisa; tamba naye, agokutambudza. Usaseka naye, Kuti urege kuzochema naye, Kana kuzogeda-geda meno ako pakupedzisira. Musamutendera kusunungurwa pauduku hwake, Uye regai kunyofura paupenzi hwake. Ukotamise mutsipa wake achiri mudiki, umurove panhivi achiri mudiki, kuti arege kuzoomesa musoro, asingakuteereri, uye aunze shungu dzomwoyo wako. Muparidzi 30:9-12